



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 1/8/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO DEWALE PLAK LISANS NASCAR POU SELEBRE
WATKINS GLEN INTERNATIONAL**

***Emisyon plak pèsonalize Watkins Glen kowenside avèk kous 2016 Cheez-It® 355
NASCAR***

***Depatman Motè Veyikil sou plas pou bay sèvis kliyan epi ede vizite yo kòmande
plak pèsonalize yo***

Imaj wo-rezolisyon plak pèsonalize yo disponib [La](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te devwale yon nouvo plak lisans Watkins Glen International, ki disponib pou kòmande apati Jedi 4 Out. Plak la se pi resan adisyon nan seri plak pèsonalize NASCAR DMV e li prezante logo WGI ak NASCAR avèk yon fon drapo damier. Anons lan kowenside avèk 2016 Cheez-It® 355 nan Glen – kous inik NASCAR Eta New York – ak youn nan pwen fò touris nan pati Nò eta pandan chak ete. Glen sipòte angajman Gouvènè Cuomo pou touris, sa ki pa twò lontan de sa te atenn yon nouvo rekò ekonomik elve nan Eta New York a \$102 milya –yon ogmantasyon de 25 pousan depi 2010.

“Nouvo plak lisans lan selebre patenarya solid New York avèk pis kous NASCAR sa ki gen prim gayan,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York fyè pou l òganize aktivite premye klas sa nan Glen, sa ki atire espò otomobil antouzyas epi kondwi touris nan Southern Tier. Mwen ankouraje fanatik kous yo pou yo fè yon vizit nan ekspozisyon DMV sou Midway a pandan aktivite wikenn sa epi pran avantaj sou sèvis yap gen pou ofri.”

Anplwaye DMV pral disponib tou pèsònèlman pou yo vann plak lisans ki fenk emèt yo pou fanatik NASCAR pou premye fwa. Anplwaye DMV yo pral ede vizite yo kòmande plak pèsonalize adisyonèl, renouvle anrejistreman yo, ede avèk chanjman adrès, orè wout ak tès vizyon epi fè tranzaksyon sou entènèt.

Komisyone Egzekitif Adjwen DMV Terri Egan te deklare, “DMV kontan paske yon fwa ankò yo te fè patenarya avèk Watkins Glen epi mete plak yo disponib pou fanatik kous ki soti toupatou nan eta ki te fè lokal la vini yon destinasyon chak ane. Glen se yon kote ideyal pou anplwaye DMV yo entèaji avèk kliyan li yo epi ankouraje touris anmenntan. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li te bay DMV opòtinite sa pou konekte avèk kliyan yo nan tout eta, e mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo kòmande

plak sa pou yo ka montre sipò yo pou Glen.”

Prezidan Watkins Glen International Michael Printup te deklare, “Nou kontan anpil pou nou devwale plak Watkins Glen International sa. Moman pat kapab pi ideyal avèk pi gwo aktivite espòtif Eta New York, Seri Konpetisyon NASCAR Sprint Cheez-It® 355, ki a mwens pase yon semèn. Nou ta renmen remèsye Gouvènè Andrew Cuomo ansanm avèk administrasyon li a pou sipò enfayib yo a Watkins Glen International ansanm avèk touris nan rejyon nou an kòm yon ansanm.”

Nan 2015, [Gouvènè Adjwen Kathy Hochul ansanm avèk DMV te fè patenarya nan WGI Cheez-It® 355](#) pou lanse yon seri plak lisans kliyan NASCAR redesine. Seri plak lisans kliyan NASCAR redesine a, ke ou kapab jwenn epi kòmmande [la](#), montre chanjman nan kantite chofè ak koulè kous yo, e yo te mete ajou plak pèsonalize Danica Patrick kap disponib pou kòmmande nan dat 4 Out. Kounye a gen 11 desen NASCAR ki prezante yon rega ajou pou Dale Earnhardt Jr., Jeff Gordon, Danica Patrick, Tony Stewart, Jimmie Johnson, Kasey Kahne, Kevin Harvick, Denny Hamlin, ansanm avèk Dale Earnhardt NASCAR Hall of Fame, fanatik NASCAR, ak plak istorik Richard Petty. Tout plak NASCAR yo disponib pou alafwa klas pasaje ak komèsyal.

Frè inisyal pou plak spesyal sa yo se \$60, avèk yon renouvèlman anyèl pou \$31.25. Plak NASCAR pèsonalize yo gen yon frè inisyal de \$91.25 avèk yon frè renouvèlman anyèl de \$62.50, anplis de frè anrejistremachin. Tankou detantè plak NASCAR yo, detantè plak WGI yo faktire chak dezan sou renouvèlman anrejistremachin.

Anplis de [plak Watkins Glen](#) ansanm avèk mizajou plak Danica Patrick, [DMV pral fè plizyè plak lisans redesine ki disponib pou kòmmande](#), sa ki gen ladan:

- Airborne
- Association of Former NYS Troopers, Inc.
- Eighth Air Force Historical Society.
- Apantè teren
- Lions Club
- Marine Corps League – pasaje/Komèsyal
- Marine Corps League – motosiklèt
- Veteran Dezyèm Gè Mondyal

Konsèy [Devlopman Ekonomik Rejyon Southern Tier](#) te chwazi Watkins Glen International kòm yon pwojè priyorite nan wonn IV, kòm li aliyen avèk “Elan Southern Tier,” anprent konpreyansif rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Yon sibvansyon \$2.25 milyon eta te sipòte renovasyon pave ak pis yo ki nesèsè pou konble feblès ki gen onivo sekirite anvan kòmansman sezon 2016 la.

Enfòmasyon sou Watkins Glen International

Watkins Glen International se premye etablisman kous wout nan Amerik di Nò, vote “Best NASCAR Track” pa lektè USA Today yo, e li lokalize nan limit senk èdtan (oswa 300 mil) de 25 pousan nan popilasyon Etazini an. Yo ka achte tikè yo pou sezon 2016 la lè yo rele 866.461.RACE ak sou entènèt nan www.TheGlen.com. Kontinye avèk The

Glen sou [Facebook](#) ak [Twitter](#). Telechaje aplikasyon mobil gratis The Glen nan [App Store](#) oswa [Google Play](#).

Enfòmasyon sou DMV

Depatman [Motè Veyikil Eta New York \(DMV\)](#) se yon lidè nasyonal nan bay sèvis gouvènman ki efikas, ainove ak sansib. Ajans lan te pibliye dokiman idantite ki sekirize, delivre sèvis motè veyikil esansyèl ki gen rapò avèk chofè, epi jere lwa sou motè veyikil ki adopte pou ankouraje sekirite ak pwoteje konsomatè yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite [dmv.ny.gov](#), [“like” DMV sou Facebook](#), oswa swiv [@nysdmv](#) sou Twitter.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](#)
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418